



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NOUVO INITE PREVANSYON RAYISANS  
AK PREJIJE NAN DIVIZYON DWA MOUN ETA A**

***Nouvo inite a pral egzekite kanpay nan tout eta a pou akseptasyon, enklizyon, tolerans, ak konpreyansyon divèsite jan lejislasyon Gouvènè Hochul te siyen mwa pase a egzije sa***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights, DHR) Eta New York ap lanse yon Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije (Hate and Bias Prevention Unit) nan tout eta a, ki responsab pou dirije efò apati edikasyon ak sansibilizasyon piblik la, ki ap sèvi kòm yon premye sistèm deteksyon alèt nan kominote lokal yo epi nan mobilize yo rapidman pou sipòte zòn ak kominote kote yon ensidan oubyen divès ensidan sou prejije te rive fèt. Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije a ap lanse jodi a.

"Eta New York ap itilize tout zouti ki nan dispozisyon li pou elimine rayisans ak prejije nan kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou p ap kite ogmantasyon ensidan rayisans ke nou wè k ap fèt sou entènèt, atravè peyi a ak monn lan, pran rasin isit la".

"Nou pa ka kite inyorans, lakrent ak rayisans andomaje gwo kantite travay nou te fè pou nou fè eta nou an avanse", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Patenarya n ap konstwi avèk kominote yo ak atravè eta a pral asire sa nou konnen ki vrè, lanmou toujou pote viktwa sou rayisans".

**Komisè Divizyon Dwa Moun nan, Maria L. Imperial, te deklare**, "Tout moun - kèlkeswa koulè yo ye, oswa kiyès yo renmen oswa sa yo kwè - ta dwe santi yo an sekirite lè yo ale travay oswa ale danse oswa vizite yon tanp adorasyon oswa voye timoun yo lekòl. Nouvo inite sa a pral fè avanse misyon opòtinite egal nou, aksè ak diyite pou tout moun nan eta nou an".

Nan kad nouvo manda inite sa a, Divizyon an ap òganize 10 konsèy rejyonal atravè eta a ki gen pati konsène yo ladan. Konsèy sa yo pral bay yon plas pou manm kominote a pataje preyokipasyon yo, òganize pwogram edikasyon, òganize evènman prevansyon krim rayisans ak gerizon kominotè yo, reyalize fòmasyon nan rezolisyon konfli ak fasilite

depo plent yo avèk Divizyon an ak lòt ajans enpòtan yo. Inite a pral devlope tou yon ekip repons rapid pou ede kominote yo ke prejije oswa ensidan rayisans afekte yo.

Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije a pral responsab tou pou [etabli ak egzekite yon kanpay nan tout eta a](#) ki ankouraje akseptasyon, enklizyon, tolerans, ak konpreyansyon divèsite jan lejislasyon Gouvènè Hochul te siyen mwa pase a egzije sa. Kanpay la pral kowòdone ak kolabore avèk òganizasyon piblik ak prive yo, ki gen ladan, men pa sa sèlman, gouvènman lokal yo, gwoup kominotè, distri lekòl yo, tanp adorasyon yo, òganizasyon charitab yo, ak fondasyon yo epi yo pral devlope materyèl edikatif ki dwe pibliye sou entènèt la, rezo sosyal, ak lòt platfòm pou rive jwenn piblik la. Divizyon an travay tou avèk Lapolis Eta New York pou edike Nouyòkè yo sou lwa kont krim rayisans Eta a.

Anons jodi a fonde sou angajman depi lontan Gouvènè Hochul pou konbat rayisans ak vyolans atravè eta a. Gouvènè a te anonse [96 milyon dola](#) nan finansman eta ak federal pou pwoteje òganizasyon kominotè san bi likratif ki gen risk krim rayisans ak atak; 10 milyon dola nan finansman eta atravè [Pwogram Pwoteksyon Sant Sante Repwodiktif](#) yo pou amelyore pwoteksyon ak sekirite pasyan yo ak anplwaye yo nan sant swen sante repwodiktif yo ak founisè sèvis avòtman yo ki ka gen risk sibi krim oswa atak akòz misyon yo, sèvis, ideyoloji oswa kwayans; epi etabli nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) eta a yon Inite Prevansyon Teworis Lokal epi dirije [10 milyon dola](#) nan fon sibvansyon eta a pou sipòte gouvènman konte yo pandan y ap devlope plan prevansyon lokal kont teworis yo ak evalyasyon menas ak ekip jesyon apre atak terib sipremis blan an nan Tops Market nan Buffalo.

Divizyon an envestige chak ane plis pase 5,000 plent diskriminasyon moun yo atravè eta a depoze. Ajans lan gen otorite tou pou l kòmanse envestigasyon yo ak depoze plent ki afime vyolasyon lwa kont diskriminasyon nan Eta a epi ane pase, Divizyon an te jwenn plis pase 6.2 milyon dola nan domaj monetè pou moun ki sibi diskriminasyon. Divizyon an travay tou avèk Lapolis Eta New York pou edike Nouyòkè yo sou lwa kont krim rayisans Eta a.

New York gen distenksyon fyè pou l se premye eta nan peyi a ki adopte yon Lwa sou Dwa Moun ki bay chak sitwayen "yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè epi pwodikatif". [Divizyon Dwa Moun Eta New York](#) la devwe pou elimine diskriminasyon, repare enjistis, ak pwomouvwa opòtinite egal, aksè, ak diyite atravè aplikasyon Lwa sou Dwa Moun nan. Moun ki enterese jwenn plis enfòmasyon oswa depoze yon plent ka vizite [sitwèb DHR la](#).

###